**CONTOH SOAL**

**UJIAN TENGAH SEMESTER GENAP**

**TAHUN PELAJARAN …….**

Nama : ……………………………………….. Mata Pelajaran : Bahasa Sunda

Kelas : IX Hari/Tanggal : …..

**I. Pilih jawaban anu pang benerna kucara nyakra a, b, c atawa d dina lembar jawaban!**

1. Ubar tradisional mah teu nimbulkeun efek samping.
Efek samping hartina......
a. Hasiat c. Kagunaan
b. Balukar tina hiji perkara d. Hasil tina hiji perbuatan
2. Tutuwuhan di handap ieu nu ka asup bahan ubar tradisional nyaeta....
a. Daun sampeu b. Kangkung c. Jawer kotok d. Salada
3. Naon anu ditulis dina bagian panutup artikel?
a. Kacindekan b. Pedaran c. Kasang tukang d. Wincikan masalah
4. Bagian anu medar pasualan secara jelas dina artikel mangrupa bagian....
a. Bubuka b. Panutup c. Eusi d. Kasang tukang
5. Ciri kalimah langsung dina basa tulisan nyaeta....
a. Diucapkeun langsung ku panyaturna c. Diselapan ku kecap panyambung yen
b. Make koma jeung tanda tanya d. Diapit ku tanda kekenteng
6. Mana kalimah langsung anu bener!
a. Saha anu teu sakola? c. “Keur naon gunana memeniran teh?” Iwan nanya.
b. Iraha rek indit ka Jakarta teh? d. Iwan nanyakeun gunana memeniran teh.
7. “Kuring mah moal milu piknik da teu boga duit”, ceuk Imas ka Somad.
Kalimah di luhur lamun dirobah jadi kalimah teu langsung unina......
a. Imas nyarita ka Somad yen manehna moal milu piknik sabab teu boga duit.
b. Ceuk Imas ka Somad, kuring moal milu piknik sabab teu boga duit.
c. Imas nyarita ka Somad yen manehna moal milu piknik sabab teu boga duit.
d. Kuring mah moal milu piknik da teu boga duit ceuk Imas ka Somad.
8. Kania nyarita ka Nunung yen isukan manehna moal sakola sabab rek ka jakarta.
Lamun dirobah jadi kalimah langsung, unina.....
a. “Kuring mah isukan moal sakola sabab rek ka Jakarta,” ceuk Nunung.
b. “Kuring mah isukan moal sakola sabab rek ka Jakarta,” ceuk Kania
c. Kania nyarita, kuring mah isukan moal sakola sabab rek ka Jakarta.
d. Nunung ngomongkeun Kania yen manehna isukan moal sakola sabab rek ka Jakarta.
9. Budak teh geuning beut amis daging. Amis daging hartina.....
a. Boga panyakit diabetes melitus c. Babarian ceurik
b. Babari bareureum lamun ka panasan d. Babari ka terap ku kasakit kulit
10. Abong nincak rumaja, jang Midun teh mani murag bulu bitis.
Nu dimaksud murag bulu bitis nyaeta....
a. Cicing bae di imah c. Mimiti beger
b. Resep dangdan d. Teu betah cicing di imah
11. Sanajan beunghar sarta luhur pangkat oge, anjeunamah jajauheun tina sifat....
a. Handap asor b. Hampang leungeun c. Gede hulu d. Someah
12. Cik sing someah ka batur teh, ulah sok......bisi teu dipikaresep!
a. Amis budi b. Amis daging c. Haseum budi d. Pait daging
13. Paingan teu katarima gawe da masih.....
a. Bau jaringao b. Lelengkah halu c. Atah anjang d. Kembang buruan
14. Neng Zahra mah ...... loba pisan nu resep ku sipat jeung tingkah lakuna.
a. Amis daging b. Yuni kembang c. Awak sampayan d. Pait daging
15. Kalimah sampurna nyaeta....
a. Kalimah anu diwangun ku sakurang-kurangna jejer jeung caritaan.

Download soal di https://www.rizsafa.com/

b. Kalimah anu diwangun ku jejer jeung caritaan wungkul
c. Kalimah anu diwangun ku unsur utamana nyaeta katerangan
d. Kalimah anu teu merlukeun obyek

16. Kalimah di handap ieu diwangun ku jejer, caritaan jeung obyek.

a. Barudak mah tos arulin di walungan Cimanuk
b. Pasar Cigasong teh rek dipindahkeun taun 2017
c. Mimin keur ngumbah piring di pancuran
d. Anak hayam teh keur macokan beunyeur

17. Mana kalimah anu diwangun ku jejer, caritaan jeung katerangan?

a. Kamarimah hujan meuni gede
b. Tukang sayur mah sok balanja rebun-rebun keneh
c. Bapa nuju maos koran di teras
d. Otong nutupkeun panto mani dijablogkeun

18. Bapa nuju ngadamel kurung manuk di pipir.

Pola kalimah di luhur nyaeta....

a. JCKO b. KJCO c. JCOK d. KJCK

19. Bulan Februari mah para siswa teh rek pariknik.

anu nyicingan fungsi salaku jejer dina eta kalimah nyaeta.....

a. Bulan b. Februari c. Para siswa d. Pariknik

20. Manehna teh isukan mah rek mupu buah di kebonna.

Pola kalimah di luhur nyaeta....

a. JCKO b. JCOK c. JKCOK d. KJCOK

21. Anak hayam keur macokan beunyeur.

Anu nyicingan fungsi salaku obyek dina eta kalimah nyaeta....

a. Anak hayam b. Beunyeur c. Keur macokan d. Hayam

22. Lantaran ka sakitna parna, zat kadaharan teh diasupkeun kucara.....

a. ICU b. Infus c. Steril d. Laboratorium

23. Jalma anu katabrak motor teh diasupkeun ka.....

a. Ruang ICU b. Ruang UKS c. Ruang Laboratorium d. Ruang Kantor

24. Harti kecap ***didongdon*** nyaeta.....

a. Dulur b. Tamu c. Panyakit d. Didatangan

25. Wabah hartina.....

a. Dulur b. Tamu c. Panyakit d. Didatangan

**II. Essay**

1. Jieun kalimah tina kecap ***ipis biwir***!
2. Tulis babasan anu ngebrehkeun pasifatan jalma, dipapandekeun kana sastoan atawa tutuwuhan!
3. ***"Saha anu ayeuna teu sakola?" saur Bu Nina ka siswa kelas tilu***.

Pek ku hidep robah jadi kalimah teu langsung

4. Pek lengkepan ieu kalimah ku obyek atawa katerangan atawa tambahan ku duanana!

a. Barudak keur maraca....................
b. Nunung keur diajar tembang..............

5. Jieun kalimah tina kecap-kecap ieu :

a. Virus
b. Laboratorium

www.rizsafa.com